


# LAFWA

 Men ou dwe itilize lafwa nan Bondye, pou fè l mache. Ou wè? Kifè ou gen pwòp rezirèksyon ou anndan w. Rezirèksyon ou chita anndan w, nan lespri w.

2 Kounye a, ou konnen, lè Jezi te mouri sou kwa a, “Nanm Li te desann nan lanfè e L te preche nanm ki te nan prizon yo, ki pa t repanti nan epòk pasyans Noye a.” Kò Li t al nan tonm lan. Men, anvan L te mouri, Li te remèt Lespri L nan men Bondye. Nan men . . . “Nan men Ou mwen remèt Lespri M.” Kifè, ou wè, Lespri L t al jwenn Bondye; nanm Li t al nan lanfè; kò L te al nan tonm lan.

3 Kounye a, Lespri sa ki te nan Li a se te Lespri Bondye. “Lespri sa, nan tan lontan epi ak divès mannyè, te wenn pwofèt yo, pou pote Mesaj la bay pèp la; nan dènye jou yo, atravè Kris; e kounye a, nan jou sa yo la, atravè Levanjil la.” Bon, lè nou resevwa Kris nan kè nou, gen tout sa nou bezwen. Gen Lavi Etènèl.

4 Kounye a, Kris pa t ka retounen jiskaske twa jou yo te akonpli. Paske, Lespri L te dèyè yon ekran, klete ak yon ba fè, tankou *sa a*, pou Li pa t ka travèse ba fè sa, paske se te Pawòl pale Bondye a, ke, “Li te dwe repoze nan tonm lan pandan twa jou e twa nwit.” Kidonk, Li pa t ka retounen jiskaske twa jou ak twa nwit sa yo te pase. Alò lè twa jou ak twa nwit te pase, Lespri L te libere. Li t al dirèkteman jwenn nan nanm Li, e nanm Li te retounen epi L te reprann kò a, pou akonpli sa L te di a, “M gen pouvwa pou bay vi M. M gen pouvwa pou reprann li. M gen pouvwa.”

5 Kounye a, nou chak gen pouvwa, menm jan an, paske nou se pitit gason ak pitit fi Bondye. E Sentespri menm ki nan nou, maten an, Sentespri ki nan ou maten an, menm Sentespri sa a va resisite w. Kifè, ou gen pouvwa pou resisite tèt ou.

6 Lè w mouri, nanm ou pral nan—anba . . . anba lotèl Bondye a, pa nan . . . dirèkteman nan Prezans Bondye. Kounye a, lespri w va al jwenn Bondye, men ou pa ka retounen. Sonje, nan Bib la, Li di ke lespri a . . . “Nanm anba lotèl yo, ap kriye, ‘Seyè, jouk kilè, jouk kilè?’” E yo pa t ka retounen jiskaske Lèzekriti te akonpli, e, menm jan ak Kris, pa t ka retounen jiskaske Lèzekriti te akonpli. Alò, apre, ke tout bagay te fin fèt, tout soufrans yo fini, e frè yo te soufri menm bagay yo, oubyen nou te soufri jan yo te soufri a, e latriye; alò, jou sa, w ap konnen egzakteman ki kote yo antere w, Bondye ap libere lespri w e li va vin jwenn nan nanm lan.

7 Kounye a, nanm lan se pati nan ou a ki konnen e ki konprann, entelijans ou. Nou sonje vizyon m te genyen sa pa fè lontan, oswa ti anlèvman an, lè m t al nan plas sa epi m te wè moun

sa yo? [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.] Bon, lespri w ap retounen nan kò sa, e jan de kò sa—sa, nanm lan, ki se yon kò ki pa oblije manje e latriye. “Si tabènak terès sa detwi, nou gen youn deja k ap tann,” yon kò selès. E avèk lespri sa, ak nanm sa epi kò selès sa, nou va resisite kò natirèl sa a a pou gran Milenyòm sa. Ou wè? Ou gen pouvwa a nan ou kounye a, pou fè sa, kounye a, men pouvwa sa ke nou genyen nan nou kounye a ka kreye yon nouvo mond. Bondye pa gen ti pwen, ki fèb, ak gwo pwen, fò ki pwisan, pi piti touche Bondye omnipotan, ou wè, pi piti, ti touche Bondye.

8 Kidonk, ou konnen, konsa m ap eseye fè w antre nan lafwa kounye a, ou konnen ke yon bagay te rive w, antanke Kreyen. Èske nou konsyan? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Nou te konn ap fè kous nou anba *isit la* nan labou, ak tout labou epi peche, pou ap bwè, epi ap jwe jwèt aza, epi—epi bagay nan mond lan. Ebyen, osito ke nou te kwè ke Kris te padonnen peche nou yo, nou te leve pi wo pase bagay sa. Kounye a n ap fè kous nou anwo *isit la*, ou wè, pi wo nèt pase l. Poukisa? Paske nou kwè ke nou se yon Kreyen. Alò lè nou te aksepte Kris, epi Sentespri a te vin jwenn nou, alò nou gen lafwa nan Sentespri a, ki bannou pouvwa pou ap viv pi wo pase kalite vi peche sa.

9 Ebyen, kounye a, sèl bagay nou dwe fè, pou monte pi wo nan gerizon an, se jis gen plis lafwa, jis—jis kontinye ap pouse l deyò. Ou wè? Epi men ou. Kounye a alò ou malad, epi ou pa Kreyen, vin yon Kreyen kounye a menm, pou pèmèt pouvwa gerizon sa antre nan ou, lè w vin yon Kreyen. E sa va ba w lafwa pou viv pi wo peche. Sa va ba w lafwa. E tout sa ke w bezwen, nan vwayaj sa a, li drèt nan ou kounye a. E sèl bagay nou dwe fè se gen lafwa nan Bondye, k ap pouse bon bagay sa yo soti nan ou, ki nan ou, pa Sentespri a. Èske nou konprann akèl kounye a? Nou sezi l?

10 M kwè Billy te di m, yè swa, li te rele m epi l te di, “Maten an, espesyalman pou yon moun ki te vini, ki te antre, ki te panse ke nou t ap gen sèvis semèn sa a, sou Sèt So sa yo.” E yo te mennen yon timoun malad, mwen kwè. E si w isi a kounye a, mesye, sonje, ou pa ka . . . Lafwa ou—ou ap gen pou ajì pou timoun sa, si se—si se yon tipitit, yon timoun piti.

11 Men kounye a kite m pran yon lòt Ekriti, si se kòrèk, jis yon moman. [Frè Neville di: “Ale annavan, Frè. Amèn.”—Editè a.]

12 Jis sonje, kounye a, nan Levanjil yo, nou li nan chapit 16 la, mwen kwè, nan Ak, kote Pòl ak Silas te nan prizon yon nwit. E yo te bat yo paske yo te chase yon lespri dyab sou yon tifi ki te yon divinò. E se te . . . E, manzè, mèt li te vin fache poutèt sa. Alò yo te bat yo, yo te mete yo anndan nan prizon. E lè yo te fè sa, pandan Pòl ak Silas t ap priye, alò Bondye te voye yon tranbleman tè ki te sekwe prizon an.

13 Gadyen prizon Filipyen an, ki te yon santiryon, limenm, te dwe peye ak pwòp vi l pou prizonye yo, poutèt li te pèdi prizonye

li—li yo. Li te rale epe l e li ta pral touye tèt li, nan moman Pòl te kouri pou di: “Pa fè tèt ou okenn mal. Nou tout isi a.”

14 Epi santiryon sa a, annou di, te enpresyone pa Pòl ak lòt yo. Yo te petèt chante kantik. Yo te petèt temwaye, oswa fè yon bagay. Men, kèlkeswa sa l te ye a, yo te konnen ke yo te dèzòm sen. Yo te konsyan gen yon bagay diferan konsènan mesye sa yo. Paske, byen vit, li te mande, “Kisa m dwe fè pou m sove? Kisa m dwe fè pou m sove?”

15 Bon, Pòl te di: “Kwè nan Seyè Jezikri, e oumenm ak fanmi w n ap sove.”

16 Ebyen, kounye a, si kwè nan Seyè Jezikri . . . Sa pa vle di ke sali pa l ta pral sove kay la. Men si l gen ase fwa nan Bondye pou pwòp sali li, li ka gen menm fwa sa pou kay li. E kay li pral oblije antre, ou wè, menm bagay la.

17 Menm jan Jòb te fè, jan m te di lòt jou swa a, anba nan Georgia, nan yon reyinyon. M te deklare, “Jòb, te di: ‘Kounye a, m pa konn si pitit mwen yo te peche, men e si yo te peche?’” E Jòb te gen yon sèl bagay pou fè, pou l te ka jis, se te, ofri yon ofrann pou boule. Li te di li t ap ofri ofrann pou boule a, si pitit li yo te peche, lè sa a yo t ap padonnen peche yo. E se te yon bon bagay ke papa yo te fè l. Sa se yon papa ki byen panse. Nou bezwen plis jan de papa sa yo jodi a. E Jòb te ofri ofrann pou boule a. Sa se anvan trajedi l la te kòmanse.

18 Men lè timoun li yo tout te fin mouri, e tout mouton l yo te detwi, epi tout sa l te posede, yo te pran yo, li te chita sou pil sann lan dèyè lakay li, ap grate tèt li avèk yon mòso bagay ak kwòk.

19 Èske nou te remake, apre jou trajik li yo, lè Bondye te kòmanse ap retounen ba li ankò? Kote l te gen di mil betay, ak bagay konsa, Li te retounen ba li an doub. Epi Li te double mouton yo, e tout bagay te double. Men èske nou remake? Bondye te bay Jòb sèt pitit li yo tou. Èske nou te janm panse ki kote yo te ye? Ofrann boule sa a te reprezante yo. Yo te sove, nan Laglwa, yo t ap tann pou l vini. Li avèk yo jodi a. “Oumenm ak kay ou va sove.” Ou wè? Kounye a, Jòb te gen yon sèl bagay pou l fè, pou l te ka jis, se te ofri ofrann boule a.

20 Nou gen yon sèl bagay pou n fè, pou nou ka jis, se, gen lafwa nan Bondye. Paske, se ak lafwa nou sove, se ak lafwa nou geri, ak lafwa nou jwenn tout bagay nou posede. Ou wè? Se ak lafwa, ke nou kwè sa. Alò, “Kwè nan Seyè Jezikri, e oumenm ak fwaye w va sove.”

21 Kounye a, mesye, si w gen ti bebe a isi a pou yo priye pou li, kwè, oumenm. Mwen isi a pou m mete fwa pa m ak pa w, e n ap kwè, ansanm, ke Bondye ap geri bebe sa.

22 Ou wè, nou gen lan nou pouvwa pou fè sa. Ou gen nan ou pouvwa pou fè sa. Chak Kretyen gen pouvwa pou fè sa. Men kounye a si nou ka jis rive . . . Pouvwa sa a kontwole pa yon lwa.

23 Jan mwen di souvan, se tankou gravitasyon ki kontwole dlo, paske se yon lwa. Gravitasyon kontwole dlo.

24 Solèy la, kontwole pa—pa . . . oswa tè a, wotasyon tè a. Nou jis pa ka fè solèy la fè yon bagay, pou apre sa di, “M kwè ke m anvi dòmi yon tikras pi lontan. Ret tann inèdtan.” Li p ap fè sa, ou wè, paske gen yon lwa. Si n ap aji dapre lwa sa, ebyen, lè sa, tout bagay ap kòrèk. Si nou dòmi a lè, nou ka reveye a lè. E si nou . . .

25 Tankou nou gen Lak Siperyè a, Lak Ontario, Lak Huron, ak tout Gran Lak sa yo anwo isit la. Nou gen dè dizèn de milye de milye de kawo tè nan Nevada, ak Kalifòni, ak Arizona, ak Nouvo Meksik, k ap boule, paske dlo sa, nan peyi a ta ka kiltive nenpòt bagay. Nou te ka nouri lemondn antye, ak deyò a la, si sèlman nou te gen dlo sa a, anwo isit la, anba la. E li pa t ap deranje sa, paske sous la t ap alimante l. Osito ke nivo a bese, l ap jis remonte a nivo ankò, paske gravitasyon an kenbe l la. Ebyen, kounye a, si nou ka aji dapre lwa gravitasyon an, nou ka pran tout Gran Lak sa yo epi wouze tout peyi sa nèt deyò a la, epi nouri lemondn antye, pèsonn pa t ap grangou. Men nou pa ka chita la pou ap di: “Ya. M wè l. Sèten.” Ou dwe al fè l.

26 Ebyen, se menm jan sa ye ak lwa Bondye a. Lwa Bondye a se lafwa. E nou gen lafwa isi a, maten an, pou geri nenpòt maladi, pou fè tout bagay. Men sa kontwole pa yon lwa, e lwa sa se lafwa. Lwa Bondye a se lafwa. Jezi di, “Kèlkeswa bagay nou vle a, lè n ap priye, si nou ka kwè ke nou resevwa l, nou ka genyen l.” Men ni. Kifè, se lafwa ki kontrole sa, e nou resevwa lafwa senpleman selon bezwen ke nou genyen. Kounye a, nou dwe . . . Bondye bay kèk nan nou yon pòsyon fwa, kèk lòt lafwa. Se pa yon gwo pwisans sinatirèl ke w genyen. Paske, lè nou vin Kreyten, nou—nou deja gen pwisans lan, men nou manke lafwa pou opere pwisans sa.

27 Kidonk kounye a, maten an, lè n ap vini pou yo priye pou nou, sonje, Bib la di sa. Sa se vre. Jak 5:14, “Si gen yon moun nan mitan nou, ki malad, se pou yo rele ansyen nan legliz la. Kite yo wenn yo ak lwil, epi priye pou yo. Priyè lafwa va sove malad la, e Bondye va relve l.” Se yon pwomès, si w kwè sa. Kidonk, ou wè, gerizon se responsablite endividi a.

28 Se te sa nan epòk Jezi de Nazarèt. Li pa t ka geri moun kont—kont pwòp fwa yo. Li te di: “Mwen kapab, si ou kwè. Si w kwè ke M kapab fè sa, M ap ka fè l.” Si w ka kwè sa!

29 Kifè, gen de moun ki mete—mete pwisans gerizon an nan kèk lòt, nan evanjelis. Se pa sa. Pwisans gerizon an nan ou. Li nan ou. Yo jis mete charyo a annavan chwal la. Evanjelis la pa gen pouvwa pou geri.

30 Se Sentespri a ki gen pouvwa pou geri, e ou gen Sentespri a. Sa se ti pyebwa ke w ye a, e tout bagay ou bezwen li nan ou. Alò, kidonk, ou jis kòmanse bwè nan pwomès Bondye a, ap di: “Se

laverite. Bondye te di Li t ap geri m. ‘Gras ak blesi L yo mwen geri.’” Men ni. Ou konn kisa w ap fè? Ou kòmanse fè soti gerizon an, se tou. Ou wè? E apres, lòt yo ka wè sa w genyen.

<sup>31</sup> Kounye a kisa sa ye, “Lafwa se sibstans bagay ke w espere, prè bagay ke w pa wè.”

<sup>32</sup> M ta ka plante ti pyebwa sa deyò a. M pa wè pòm yo, men yo anndan l. Ti pyebwa sa a konnen ke yo anndan l. Kifè li jis kòmanse bwè, ap pouse epi ap pouse, paske l te konnen, “Sa nan mwen. M ap fè yo soti la apre yon ti tan. Ban m yon ti tan. Jis kite m yon ti tan.” Li jis kontinye ap bwè. “Ya, m konnen pòm yo nan mwen. M ap pote yo, apre yon ti tan.” Epi premye bagay ou konnen, men yo k ap vini. Men pòm yo k ap vini, paske l te kwè ke yo te nan li.

<sup>33</sup> E si w kwè ke pwisans Sentespri a nan ou, pou geri w, alò men ni. Jis kontinye ap pouse. Ou wè? Ou gen lafwa. Ou pa ka wè rezilta yo touswit. Ou pa wè l.

<sup>34</sup> Kounye a, ou wè, Jak te jistifye Abraham pa zèv li yo. Pòl te jistifye Abraham pa fwa li. Kisa n ap di alò, ant yo de a? Abraham t ap pale sou sa . . . M vle di, Pòl t ap pale sou sa Bondye te wè nan Abraham. E Jak t ap pale de sa moun yo te wè nan Abraham. Ou wè? Bon, ou wè?

<sup>35</sup> Kifè, Bondye te konnen ke, anvan bebe a vini, ke Abraham te gen lafwa. E Abraham te pwouve l bay Bondye, nan aksyon kòm kwa (li) ke bebe a ta pral vini alò ke li pa t ka fè pitit. Li pa t gen ankenn timoun. Zantray madanm li te mouri, e limenm pa t ka fè pitit. Men, poutan, li te konnen, “Anndan la kèkpa bebe a te la.” Ou wè, li te kontinye ap bwè nan pwomès la, li te apiye sou gwò El-Shaddai Bondye a, *Tete* a. Li te apiye la, ap bwè, konsyan ke Bondye t ap ba li l; li te konnen ke se te yon pwomès, e Li te oblije fè l.

<sup>36</sup> E nou se pitit Abraham. Kifè annou apiye sou pwomès Li, epi rete la, konsyan ke Bondye ap fè l. Li te di sa. Ou kwè sa kounye a? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.]

<sup>37</sup> Alò kite malad yo fè yon liy isit la sou yon kote ou lòt, sa ki vle ke yo priye pou yo. E si nou mennen ansyen an isit la pou wenn yo ak lwil, M ap priye pou yo, e nou kwè ke Bondye ap fè yo chak vin byen. “Si w ka kwè.”

<sup>38</sup> Teddy, kote w ye? Vin bò isit sou bò dwat sa a. Se byen. E m vle w jwe *Kwè Sèlman*.

<sup>39</sup> E pandan y ap vini, annou jis koube tèt nou, rès oditwa a, e annou priye pou moun sa yo k ap vini an.

<sup>40</sup> Papa nou ki nan Syèl la, nou pote ba Ou, maten an, nan Non Jezikri, limanite sa ki pòv, malad, k ap soufri ki nan kondisyon terib, katastwofik sa a. Mwen kwè nan Ou, Seyè. Mwen—mwen konnen ke Pawòl Ou yo vre. Yo sitèlman vre! Yo pa ka fayi, paske Yo se Pawòl Etènèl Bondye ki enfini. Yo tou pwisan, menm jan ak

Bondye, paske Yo se yon pati de Li. “Nan kòmansman an Pawòl la te la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la se te Bondye. E Pawòl la te vin lachè e te viv pami nou.” Kounye a, nou kwè sa, Seyè, ak tout kè nou, ak tout nanm nou, ak tout sa ki anndan nou. Nou kwè sa.

<sup>41</sup> E m eseye, yon jan senp, tankou timoun, prezante l bay moun yo, pou yo te ka konprann epi konnen ke Pwisans Bondye a repoze anndan yo. Si yo te ka sèlman gen lafwa pa yo epi swiv lòd Bondye yo!

<sup>42</sup> Se konsa yo te sove. Yo te vini e yo te repanti de peche yo, e yo te batize nan Non Jezikri, dapre Bib sa, Ak 2. Epi Pyè te di, ke, “Nou va resevwa don Sentespri a.” Epi men Li ki te vini, jis egzakteman, paske Se Pawòl Bondye a ki manifeste.

<sup>43</sup> Ebyen, kounye a, se menm bagay la, Papa, nou konnen se vre, lè nou wenn malad yo ak lwil, epi priye pou yo. “Priyè lafwa a va sove malad yo. Bondye va relve yo.” Bondye, ke chak moun kite lotèl sa, alantou plas sa maten an, sitèlman kontan epi ap rejwi yo, pou yo konnen ke Bondye te geri yo. “Ale, epi vin byen.” Paske nou remèt yo ba Ou kounye a, nan Non Jezikri.

<sup>44</sup> E ke chak moun geri, epi sezi vizyon an, sa l vle di, tankou Abraham, ki te rele bagay sa yo ki pa t la kòm si yo te la, pe enpòt sa rezilta yo ye, sa pa gen anyen pou wè ak lafwa. Rezilta yo pa anyen. Lafwa te deja enstale. “E lafwa se sibstans bagay ke yo espere, epi prèv bagay ke yo pa wè.” Bondye, ke sa antre fon nan kè yo, paske yo bezwen W.

<sup>45</sup> M ap vanse antan ke sèvitè enb Ou, pou m kanpe isi a ansanm ak lòt sèvitè, e m priye Bondye pou mete nan kè nou pou moun malad sa yo. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

<sup>46</sup> Yon moun di ke Frè Estle Beeler te nan bilding lan. E m kwè gen yon lòt minis isi a, ki te kondui nou nan lapriyè, maten an. Nou ta renmen mande tout minis yo isi a, pe enpòt kilès yo ye, si w ta vle vin la pou kanpe toutotou lotèl sa a avèk nou, jis yon moman, yon ti moman, tanpri, frè. Epi mesye yo . . . Frè Ben, mès. Vin tou dwat epi kanpe toutotou la, alantou lotèl la la, pou nou ka priye ak moun sa yo, poze men sou yo.

<sup>47</sup> Kounye a, pandan y ap jwe kantik lan. Epi minis yo ap pran plas yo la, pou nou ka, chak moun, ka poze men sou malad yo.

<sup>48</sup> Ann gade, ap desann atravè montay la laba a. M wè yon Nonm k ap vini, li pa t diferan de okenn lòt moun. Li te jis yon Nonm òdinè, yon ti jan piti nan fizik li, mens pito. Pandan nou wè L k ap gade, je L tonbe sou yon—yon sèn ki t ap pase nan vale a. Se te apot Li yo. Yo te gen yon ti gason anba la, ki te gen epilepsi, epi pa gen dout sou sa yo t ap di, “Geri l, Seyè! Geri l!”

<sup>49</sup> Men, ou wè, jis di, “Geri l, Seyè, geri l,” p ap fè l. Sa jis p ap fè l. Dwe gen yon bagay deyè sa, “Geri l, Seyè, geri l.” Ou wè? E

si m ka fè nou kwè sa, epi kwè sa ak tout kè nou, n ap geri, si m vrèman fè nou wè vizyon an.

50 Kounye a gade, disip sa yo te kanpe la, petèt yo t ap sekwe l, petèt yo t ap pouse pi fò, “Kwè l, Frè! Kwè l! Alelouya! Kwè l! Geri l, Seyè! Geri l!” Men demon an te rete drèt la, paske li pa t ka jwenn ase fwa la a pou fè l kite.

51 Men men yon Moun k ap desann lòtbò ti mòn lan. E osito ke dyab sa te rekonèt ke Sa te yon ti jan diferan de lòt mesye yo! Ou wè?

52 Kounye a, sa se jan de moun nou vle ye isit la, menm jan ak Seyè Jezi nou an. Ya. Pa annik vini pou fè espetak, men vini, renmen Bondye nou an, konnen ke nou te komisyon pou al fè sa. Sa se komisyon nou.

53 Alò, lè Li te pwoche papa sa, m panse se de la ke kantik sa a te ekri, ki te konpoze apati de Pawòl la, li te di, “Seyè, gen pitye pou pitit gason m lan, paske l toumante nan tout sans ak yon demon.” Li te ajoute, “Li lage l nan dife, pou l ap soufri, e latriye.” Li di: “M te mennen l bay disip Ou yo, men yo pa t ka geri l. Men mwen—mwen—mwen te panse. . .”

54 Li te reponn, “Mwen kapab, si w kwè. Kounye a, M gen Pwisans lan anndan M,” Li di, “pou fè l, si w ka kwè sa.”

55 Èske Bondye ta pèmèt moun sa yo ki frape ak kansè ki chita isit la maten an, ki frape, ki nan kabann ak kansè, ak lesemi, maladi, aflikasyon, èske Bondye t ap geri yo epi evite w? Sa pa sanble sa. Non. Ou wè? Kounye a, Li pa echwe. “Mwen kapab, si w kwè.” Kisa L te di?

Paske tout bagay posib, sèlman. . .

Kounye a, Frè Tyler, vini. . .? . . .

Alò jis annik kwè, annik kwè,

56 Kounye a, pandan m ap priye, m vle ke nou poze men sou moun yo. Kèlkeswa sa yo bezwen, . . .? . . . epi ale dwat anba nan liy lan.

57 Frè Neville, oumenm wenn ak lwil, epi frè yo. . .? . . .

58 M vle tout moun, nan oditwa a, avèk tèt nou bese kounye a. Tout moun tout bon nan lapriye.

Annik. . .

59 Seyè, gen pitye, m priye, epi geri moun sa yo, nan Non Jezikri. Amèn.

Nan Non Jezi de Nazarèt. . .? . . . [Pati vid sou kasèt la—Editè a.]

60 Gen sitèlman, nan liy lan, m ap gade yo, pou wè reyaksyon yo sou kijan yo ye, pou wè kijan y ap reyaji fas a yon aksyon. Ou wè? Yon aksyon se yon bagay, yo leve epi yo vin annavan. Yon lòt bagay, se kijan yo reyaji sou aksyon sa ke yo te poze a. Apre yo

vin rive nan pozisyon pou kwè, ke, lè yo pral priye pou yo, y ap geri, alò obsève reyaksyon parapò a aksyon yo.

<sup>61</sup> Bon, pastè nou gen yon bon mesaj pou nou, mwen sèten, maten an.

<sup>62</sup> Yon bagay m ta renmen kòmante sou li jis yon moman, se te yon tifi Katolik ki te kanpe la bò lotèl la. Kèk jou de sa li te lakay mwen, li menm ak mari l. E m konn mari l depi kèk tan. E—e te gen yon bagay la pandan nou te chita pou yon antretyen prive.

<sup>63</sup> Se la nou te gen vizyon an. Se la nou . . . M te abitye gen sa isit la nan legliz la, men sa jis te konn pran matine an nèt, e latriye. E kidonk se te anndan la.

<sup>64</sup> M pa t janm di anyen, poutèt manzè te yon tifi, yon lòt bagay, li te toujou leve nan legliz Katolik, e latriye. Men li t al pale pou manman l. E nan moman sa a, m te gen yon vizyon sou manman l. M te di l sa pwoblèm manman l te ye, epi m te dekri l, epi a kisa manman l te sanble. Natirèlman, se li ki te jij pou sa, si se te kòrèk ou pa. M pa t janm te wè manman l, nan vi m. Li konn sa.

<sup>65</sup> Epi tifi a, maten an, li te vin sou lotèl la isit la epi l te kanpe, pou fè yon konfesyon, epi aksepte Kris kòm Sovè li. Li te fè sa sou lotèl la, maten an.

<sup>66</sup> Frè Neville, ki pa t konnen, te wenn li ak lwil. Ala—Ala Bondye travay! Li te wenn li ak lwil, pou malad yo. Men obsève mouvman Sentespri a. Kounye a, poutèt manzè te wenn, li pa t vrèman malad, men li te wenn. Ou wè kijan sa fè tout bagay mache kòrèkteman? Li te kanpe antan ke Kretyen kounye a, apre l te vin sa nou kwè ke se yon Kretyen. Alò, li di, “Èske w vle priye pou manman m? Li malad.” Sa se menm moun lan. Kifè lwil onksyon an te aplike davans.

<sup>67</sup> M te panse, ala sa apwopriye, ke, ou wè, yon moun ki fèk sove. Kris te pran pozisyon pou nou tout. Li pran pozisyon pou tout moun. E osito ke tifi sa vin Kretyen, lè sa li vle pran pozisyon pou yon moun, tou, ap montre ke Lespri Kris la vin anndan nou lè nou reyèlman sove. Kounye a, sa a vrèman byen. Mwen—mwen sètènman apresye sa, bèl lespri kretyen sa a pou kwè. Kounye a, jis sonje.

<sup>68</sup> Kounye a, pou jèn dam sa a, li isit la kèkpa, e pou yon lòt dam Katolik ki te vini. M ta renmen di pawòl sa yo, jis anvan m remèt sèvis la bay pastè nou, ou wè, se sa:

<sup>69</sup> Kounye a, legliz Katolik yon lè te tankou legliz sa a. Si nou retounen deyè pou li Bib la, ke nou kwè, e nou konnen ke legliz Katolik se te premye Legliz la. Se vre. Men li te elwaye de Ansèyman L yo. Sa a se te ansèyman legliz Katolik la. Men, ou wè, yo gen sisan kèk lòt liv ke pap yo ak lòt moun te ekri, ki jis osi sen pou yo ke Bib sa a.

<sup>70</sup> Alò, ou wè, sa sa ye, nou pa chanje. Sa nou fè, nou jis konvèti. Ou wè? Kounye a si nou pran . . . Natirèlman, m sipoze petèt kèk



nan nou, de sa yo, maten an, se te tou pa fanm. Petèt gen kèk mesye Katolik ki chita isit la.

<sup>71</sup> Si nou retounen nan istwa legliz la, si nou ta ka mande prèt nou, “Aksyon apot sa yo nan Bib la la a, èske se konsa ke . . . Èske se te premye Katolik yo?” Li va di, “Wi.” E se vre. Yo te sa. Kounye a, yo, gade ki kalite relijyon yo te genyen. Yo te konn reyini nan ti kote, senp. Yo pa t janm di, “Je vous salue Mari” oswa “Notre pè.” Sa se yon tradisyon legliz. Kisa yo te konn di? Yo te louwe Bondye. Yo te rele byen fò. Yo te pouse kri.

<sup>72</sup> Gade la nan Ak 2, lè sen Apot Pyè, ak Jak, ak Jan, e yo tout te ansanm. Bib la di yo te pale an lang. Epi yo te rele fò, e yo te menm ajì tèlman—tèlman ranpli ak Lespri ke yo te ajì tankou yo te sou, e menm jiskaske lemonn deyò a te mande, “Èske tout moun sa yo pa sou?”


<sup>73</sup> Epi lè sa Pyè, apot la, bon jan Sen Pyè a, lè l te leve, li te di, “Òm e frè, moun sa yo pa sou, men yo ranpli ak Lespri,” jan—jan Bib la te di a. Kounye a, sa se te premye legliz Katolik la, dapre ansèyman yo.

<sup>74</sup> Kounye a, nou wè, apre anviwon desan lane, diyitè te kòmanse antre nan legliz la. Alò kisa yo te fè? Yo te kreye premye òganizasyon yo nan Konsèy Nise a, A.D. lane 606. Yo te fè. . . Lè Konsèy Nise a te òganize nan Nise, Wòm, yo te kòmanse fè tout gwo diyitè yo antre, e yo te jis *fòme* yon legliz, e yo te *etabli* yon legliz.

<sup>75</sup> Apre sa, li te kraze kat ou senk fwa. Yo te pase—yo te pase de sa, a evèk la; de evèk, a yon pap. E de sa, se te Grèk Otodòks ak diferan lòt, jiskaske yo te jis kraze, rive kote nou wè l jodi a. Se jis divize nan tout direksyon.

<sup>76</sup> Men sa n ap eseye fè, zanmi Katolik mwen. . . Ou wè, nou se Katolik, tou, nou se premye Katolik, ki te kòmanse a. E legliz ke yo rele nou kounye a, an jeneral, yo konsidere nou kòm Pannkotis, paske nou kwè nan benediksyon Pannkotis la.

<sup>77</sup> Se la ke legliz Katolik la te òganize. E nan òganizasyon Pannkot nou yo, jodi a, si—si mond sa ta dire senksan lane pi lontan, òganizasyon Pannkotis sa a t ap pi fòmèl ke sa legliz Katolik Women an ye jodi a. Li jis ap elwaye l pi plis, menm jan an. E lè yo òganize, yo fè yon lòj avè l. E alò yo jis vin yon lòj, ak manm, ak nanm, ak nanm ki pa konvèti.

<sup>78</sup> Pou presye, byenneme frè ak sè m yo, pou nou tout. Antan ke sèvitè Bondye, m pa t janm di sa anvan, nan mond lan, nan legliz sa, m pa janm di l. Men antan ke pwofèt Seyè a, m ap di nou, “Sa a se Limyè a. Mache Ladann.” 

61-0813 Lafwa  
Branham Tabènak  
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)